

Kisa m bezwen pote nan yon Sant rekòmandasyon?

Elèv ka ale nan yon Sant rekòmandasyon pou chita pale san li pa bezwen akonpaye ak yon paran. Si w gen laj 17 lane pou pi plis epi ou vle enskri nan yon nouvo lekòl oswa pwogram lè w fin vizite Sant rekòmandasyon an, w ap bezwen konsantman ak/oswa patisipasyon paran w oswa gadyen legal ou, toudepann de lekòl oswa pwogram ou chwazi a.

Ou dwe pote relvenòt ou yo nan Sant lan. Si w se yon elèv ki gen yon pwogram edikasyon endividyèl *individualized education program* (IEP), ou dwe pote l tou. Si w pa gen

okenn nan dokiman sa yo, anplwaye nan Sant rekòmandasyon an ap ka ede w.

Si w pa ka kontakte yon Sant rekòmandasyon, telefone oswa voye yon imèl nan :

District 79
 Office of Student Support Services
 917-521-3639
 YouthHelp@schools.nyc.gov

Referral Centers
 for High School Alternatives

The Bronx 718-842-9200	Bronx Regional HS, 1010 Rev. James A. Polite Avenue, 3rd Floor Tren : 2 oswa 5 desann nan <i>Prospect Avenue</i> Otobis : Bx4, Bx6; Bx17
Brooklyn 718-636-5770	832 Marcy Avenue, Room 501A Tren : A desann nan <i>Nostrand Avenue</i> Otobis : B26, B43; B44; B52
Manhattan 212-244-1274	269 W. 35th Street (at 8th Avenue), 7th Floor Tren : 1, 2, 3, 9, A, B, C, D, E, F, N, Q, R, V, W desann nan <i>34th Street</i> Otobis : M10; M11; M16; M20; M34
Queens 718-739-2100	162-02 Hillside Avenue, Room 109 Tren : E, F desann nan <i>Parson Boulevard</i> Otobis : Q25; Q34; Q43; Q65
Staten Island 718-273-3225	450 St. Marks Place Otobis : S42, S46, S48, S51, S61, S62, S66, S67, S74, S76, S78

Mwen gen pwoblèm pou m fini lekòl segondè. Kouman pou w kontinye etid mwen ?

NOU KA EDE W **RETE LEKÒL**



Èske w te konnen?

Ane pase, plis pase 25 000 elèv nan Vil Nouyòk chwazi kontinye etid yo nan yon lòt tip anviwman lekòl segondè.

Li ka difisil pou yon moun fini lekòl segondè. Kouman mwen ka ratrape m si mwen gen reta nan etid mwen?

Sant rekòmasyon pou lòt altènatif pou lekòl segondè bay konsèy konsènan lòt altènatif pou lekòl segondè, ede elèv enskri nan pwogram GED lè l nesèsè, epi mete elèv an kontak ak kote pou jwenn sipò nesèsè (tankou gadri, sesyon oryantasyon, tretman pou dwòg ak rekòmasyon pou yo jwenn lojman).

Kiyès ki ta dwe ale nan Sant rekòmasyon yo?

Ou ta dwe ale nan yon Sant rekòmasyon si w gen mwens pase 21 lane, si w abite nan Vil Nouyòk, epi ou pa gen yon diplòm lekòl segondè, men ou vle kontinye etid ou, epi si w bezwen plis sipò pou w retounen lekòl.

Anplwaye nan sant yo ka ranseye w sou lòt pwogram lekòl segondè, tankou : *GED Plus*, *Young Adult Borough Centers (YABCs)*, *Learning to Work (LTW)* ak Lekòl Transfè yo.

E si m gen 21 lane oswa plis ?

Si w gen 21 lane oswa plis, ou ka jwenn sèvis edikatif gratis nan *Office of Adult and Continuing Education (OACE)*.

Pou w sa jwenn plis detay, al sou sit : <http://adultednyc.org>

Sant rekòmasyon yo la pou ede w planifye edikasyon w, paegzanp pou w ale nan kolèj oswa pou w chwazi yon karyè.

Sant rekòmasyon yo ka ede w fè yon plan pou fini lekòl segondè menmsi w :

- Rate lekòl anpil oswa menmsi ou te gen pwoblèm prezans.
- Sispann ale lekòl oswa kite lekòl
- Vin ansent oswa si w vin gen pitit
- Bezwen sèvis pou tretman pou dwòg
- Gen pwoblèm legal
- Fèk rive Etazini, epi ou vle yon lòt altènatif pou lekòl segondè

Pale avèk yon anplwaye nan lekòl ou ale a oswa nan yon Sant rekòmasyon (al gade adrès yo nan do a) pou w sa jwenn plis enfòmasyon.

Kijan Sant rekòmasyon pou lòt altènatif pou Lekòl segondè ka ede mwen ?

Sant rekòmasyon yo ka ede w :

- Jwenn enfòmasyon osijè dwa w antank yon elèv nan Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education (NYCDOE)*.
- Planifye pou retire tout baryè ki anpeche w vini lekòl.
- Konprann relvenòt lekòl segondè w yo
- Chwazi ant pwogram pou pran yon diplòm GED ak pwogram pou w pran yon diplòm lekòl segondè
- Dekouvri tout posiblite ki genyen pou w pran yon diplòm lekòl segondè, oswa pou w enskri nan yon pwogram GED
- Jwenn rekòmasyon pou gadri, asistans sosyal, tretman pou dwòg, ak pou w sa jwenn lojman

Gen konseye pedagojik, asistan sosyal ak espesyalis pou ba w konsèy nan Sant rekòmasyon yo .

- Konnen sa w bezwen pou antre nan kolèj
- Jwenn enfòmasyon osijè opsyon ki genyen pou lekòl pwofesyonèl ak pou karyè

Kouman pou mwen kontakte Sant rekòmasyon pou lòt altènatif pou lekòl segondè yo?

Tanpri telefone Sant rekòmasyon nan borough ou abite a (nou mete lis sant yo nan do tiliv sa a). Anplwaye nan sant lan ap kontan reponn tout kesyon ou ta vle poze

Ki diferans ki genyen ant Sant rekòmasyon sa yo ak Biwo enskripsyon ki nan Borough Enrollment Offices (BEO) yo ?

Sant rekòmasyon ede elèv enskri nan pwogram GED, bay yo konsèy konsènan lòt altènatif pou lekòl segondè epi mete elèv yo ankontak ak kote ki pou bay yo sipò yo bezwen pou ede elèv lekòl leta vil Nouyòk kontinye etid yo.

BEO okipe òganizasyon tout fòmaliye enskripsyon pou elèv Edikasyon jeneral ak

elèv Edikasyon espesyal tankou :

- Enskripsyon pou lekòl segondè
- Endikasyon lekòl pou elèv lekòl primè ak lekòl presegondè ki pa gen lekòl ki pou sektè yo abite a.

BEO ede elèv enskri nan lekòl leta Vil Nouyòk ak fin fè fòmaliye pou transfere nan lòt lekòl.

- Demann transfè ki dokimante
- Sipò pou fòmaliye admisyon
- Lòt aktivite enskripsyon

Tape "*borough enrollment offices*" nan kazyè rechèch la nan <http://schools.nyc.gov> pou w sa jwenn plis enfòmasyon ak adrès yo.